

Fanm
Pou
Medjine ak Mendjaly

Lè fanm vanyan ap mache, li pòtre ak Manzè lavi

Fanm pote lavi
Pi wo pase fetay solèy
Nan voye wòch monte
Bwote dlo desann
Nan lakou plètil
Fanm leve nechèl wotè van
K'ap bale wouze

Nan peyi malfini
Fanm charye douvan jou-l
Sou tèt kamyon bwat
Madan sara fè ovètay
Pou po pistach

Lè fanm ap goumen
Kòtakòt ak gason
Bab pou bab ak ranyon dife
Lè fanm pran sèt so
Anvan li di alatraka
Fò ou konnen konbyen kalfou
Jipon-l janbe
Konbyen flanm li travèse
Anvan bonèt li chavire

Fanm mennen lavi
Nan sous dodo meya
Kwape lamizè
Twaze dyòl maldyòk
Dwèt madichon fanm
Pa respekte pè pap
Lè fanm vanyan ap mache
Li sanble tèt koupe ak manzè lavi

Lesiv defigire men-l
Kout batwèl
Ant salyè e valyè
Trese riban
Nan boukan pen kotidjen-l
Semèl jounen-l
Manje pousyè
Vale kalfou
Twoke twòkèt pou chay
Fanm O !
Pa gen baryè
Pou mezire kouray-ou



Michel-Ange Hyppolite
Zile Nou 1995, p. 48-49

Femme
à Medjine et Mendjaly

Femme, ta force a le visage de la vie

Tu portes la vie
Et lui fais enjamber le soleil
Grâce à toi,
Les pierres s'escaladent l'une l'autre
L'eau dévale les pentes de bon gré
Et le vent est une voile que tu tisses
Pour la pavoiser à tour de vue.

En terre de malheur,
Femme, tu es porteuse d'aurore,
Par monts et par vaux,
Travailleuse de mon pays,
Tu réchines
Sans même l'espoir d'un merci.

Quand tu luttas
À nos côtés,
L'éclair de tes yeux
Rivalise avec le feu de nos armes.
Tu ne cries jamais miséricorde !
Avant ton dernier souffle.
Nul ne sait
Quels abîmes tu as franchis,
Ni quelles flammes tu as bravées
Sans un tremblement de cil.

Tu mènes la vie par la main
Comme un enfant à son berceau ;
Tu fais fuir la misère,
Et rends muettes les mauvaises langues.
Ton doigt vengeur
N'épargne ni pape ni seigneur
Femme, ta force
A le courage de la vie.

Tes mains déchirées d'avoir trop
Lessivé ;
Entre malheur et détresse
Tu te faufiles
Pour arracher l'essentiel.

Tu bats la campagne
Les yeux emplis de poussière
Et vas de ci de là
Échangeant le boulet pour le fardeau
Ô Femme,
Notre admiration
N'arrive pas à partager
Ton courage !



Michel-Ange Hyppolite
Zile Nou 1995, p. 50-51
(Texte traduit du créole haïtien
par Professeur Maximilien Laroche)

Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukourouj) fèt Ayiti nan ane 1952. Li ap viv Kanada depi 1980. Pwofèsè syans alaretrèt, li se powèt ak kritik literè. Michel-Ange Hyppolite te etidye nan *Jersey City University* ak nan *Ottawa University*, *Etazini*, kote li te pran yon lisans nan byoloji nan ane 1980, nan *Université du Québec*, kote li te gen yon diplòm nan siko-pedagoji nan ane 1983. Li te etidye tou nan *Ottawa University*, kote li genyen yon metriz nan domèn edikasyon nan ane 1990. Nan domèn literati, li pibliye plizyè rekèy pwezi tankou Anba Lakay (1984); Zile Nou (1995). Nan lane 2000, li pibliye youn esè literè Istwa Pwezi Kreyòl Ayiti, (*Educa Vision*, 2000). Li pibliye Lèt Ife ak Soul (2006). Nan domèn pedagoji, li pibliye Atlas Leksik Zo Mounn (1989) nan 4 lanng, Li Konprann Ekri: Yon Jaden Kreyòl, (*Educa Vision*, 1995).